

LAMPIRAN

1. Salinan Naskah¹

Jogjakarta, April 1932

Vier afschriften

Serat:

Dongeng Si Bagoes, asli saking tjarijosipoen tijang sepoeh;
ngewrat pari-basan: Ngloegas-raga toewin Ngaroe-napoeng.

Kaiket saha katerangaken dening:

R. Ng. Poedjhardja. Ing Soerakarta.

Kala ing taoen Walandi 1914

--

Isinipoen serat poenika:

I. Paribasan: Ngloegas-raga.

II. Paribasan: Ngaroe-napoeng

-oOo-

Blz. 1. Serat Dongeng Si Bagoes, asli saking tjarijosipoen tijang sepoeh;
ngewrat pari-basan: Ngloegas-raga toewin Ngaroe-napoeng. Kaiket saha

¹ Ejaan yang digunakan sama dengan teks asli

katerangaken dening: R. Ng. Poedjardja. Ing Soerakarta. Kala ing taoen Walandi 1914.

Isinipoen serat poenika:

- I. Paribasan: Ngloegas-raga.
- II. Paribasan: Ngaroe-napoeng.

Blz. 2. Boeboeka.

Noewoen wijosipoen, pangiket koela serat dongeng Si Bagoes, poenika namoeng mengeti sosorah saking tijang sepoeh, soepados soeraosing sosorah waoe sampoen katriwal oewitipoen, pinten-banggi saged damel kapirenanipoen para maos; koela sakalangkoeng sewoe-sokoer. Woesana pangadjeng-adjeng koela moegi lepata ing saroe-sikoe, dene koela koemawignja ngiket dodongengan amoeng minangka pangeting lalampahan.

Djoeroe ngarang.

Blz. 3. Dongeng Si Bagoes.

Ana botjah lanang aran Si Baoges, banget pangoengsede marang sakehing soesoeroepan. Saben dina tansah marsoedi sarta ngrasakake oenine wong wong kang ala lan kang betjik. Pamrihe soepaja moendaka soesoeroepane. Bareng ngrasakake oenine wong kang pada ngoetjapake temboeng-temboeng kang dadi paribasan; Si Bagoes gela pikire. Dene ora soemoeroep witing pari-basan maoe kaprije. Ing kono bandjoer takon

Universitas Indonesia

marang bapakne. Kados poendi witipoen wonten pari-basan ingkang sami kaoetjapaken ing tijang katah poenika, koela kapengin temen soemerep dodongenganipoen.

Bapakne tjالاتoe: prakara ikoe kangelan banget nggone arep njoemoeroepi, amarga pari-basan mengkono, ora moeng sidji-loro bae, toenggale atoesan; dadi koedoe soemoeroep marang tjaritane wong koena-koena, moenggoeh kang kokarepake ikoe pari-basan kang endi?

Blz. 4. Si Bagoes matoer: koela poenika kapengin soemerep dodongenganopoen pari-basan: Nloegas-raga.

Bapakne tjالاتoe: bab ikoe manawa kowe arep kalegan pikirmoe, betjik njoewoena soesoeroepan marang Raden Rangga Wangsarahardja abdine Kangdjeng Pangeran Arja Gandasoebrata ing Mangkoenagaran; kaja-kaja bisa narboekani kang dadi karepmoe, awit Raden Wangsarahardja ikoe kaleboe prijaji kang awi tjarita.

Si Bagoes pitakon: Raden Rangga Wangsarahardja poenika poenapa tijang kina?

Bapakne mangsoeli: sanadyan doedoe wong koena nanging wong toewa; dasar djembar panggalihe toer akeh seserepane.

Si Bagoes lega atine, bandjoer sowan menjang daleme Raden Rangga Wangsarahardja. Ing kono noeli katemoe bandjoer tata linggih. Pandjaloeke soesoeroepan Si Bagoes toemoeli didjarwani sarta kadjalentrehake mangkene:

Universitas Indonesia

Ngloegas-raga.

Loegas, tegese: tanpa rerenggan.

Blz.5. Raga, tegese: awak.

Ngloegas-raga: awak kang ora rinengga. Jaikoe wong kang doewe pangkat, ora nganggo sandangan kaprabon netepi sapangkate.

Ikie kanggo ambasakake ngibarat prijaji gede njalamoer lampah, ngagem-agem memper kaja panganggone wong tjilik. Dene dodongengane kaja ing ngisor iki:

Nalika djamane Kangdjeng Goesti Pangeran Adipati Arja Mangkoenagara kang kaping IV, ing Soerakarta, para abdi-dalem ing Mangkoenagaran ikoe banget soemoengkeme marang Goesti, awit saka kangdjeng Goesti lemboet traping pamardi marang para kawoelane; djembar sarta ageng pangapoerane. Kang mangkono maoe andadekake lestari wingit sarta loehoering kaprabon. Moelane para abdi dalem ing Mangkoenagaran ija pada noelad tindaking Goesti kang oetama maoe. Temahan wong tjilik nara-karja ing desa-desa ija pada banget toememene marang Loerah Bekele.

Blz.6. Noedjoe ing dina Ngahat Legi kabener tingalan dalem wijosan. Para abdi dalem Demang Loerah Bekel ing desa kebener sowan maleboe menjang nagara anggawa baboe nara-karja sapirang-pirang; amarga noedjoe tingalan-dalem kangdjeng Goesti. Sarampoenging pasamoewan, para Demang Loerah Bekel maoe kapatah toemandang ing gawe, ija ikoe anjingkir-njingkirake bekakas kang ana ing pandapa, kajata: gamelan, kotak wajang, lan lija-

lijane, kabalekake menjang panggonane maneh, (maoene). Para Demang Loerah Bekel toemoeli parentah marang nara-karjane kapoerih ngoesoengi bekakas maoe kabalekna ing gedong pengkeran; sarta wis disoemoeroepake ing prenahe dhewe-dhewe marang kang marentahi. Para nara-karjane bandjoer pada toemandang angoesoengi wiwit djam 3, toemekane djam 4 sore doeroeng rampoeng.

Katjarita, bareng wis djam 5 sore, Kangdjeng Goesti woengoe sare toemoeli tedhak ing djamban ora karsa kadherekake abdi, agem-ageman moeng njamping saroeng, rasoekan soerdjan, oekel kondhe, tjoendhoek serat penjoe, sawijose saka ing Djamban, ing kono priksa

Blz.7. nara-karja wong papat ambrengkoet mikoel kothak wajang, nanging parane kleroe menjang ing gedhong djodhang, Kangdjeng Goesti toemoeli ngandikani marang wong kang mikoel kothak maoe, temboenge: kothak ikoe doedoe kono panggonane, dodokna ing gedong sidjine kae. Kang mikoel kothak mandheg nggone mikoel ing kalajan senthojongan. Wong desa papat maoe doeroeng tamat marang Kangdjeng Goesti, Kang dielingi anggere nganggo polet jaikoe tandha Kangdjeng Goesti. Mangka kang ngandika ikoe ora nganggo polet, moelane wong kang mikoel kothak mangsoeli kalajan ngoso: kae poendi ta, wong prentahe Bekel ken nglebokke gedong ngrikoe, kok; abot-abot ngendeg-endegi wong mikoel. Kandjeng Goesti mesem sarwi ngandika: ija, ija, bener kowe, akoe sing loepoet. Toemoeli mlebet ing dalem. Kothak bandjoer kaprenahake ing gedhong sapakoning loerahe.

Blz.8. Nalika Kangdjeng Goesti andangoe marang nara-karja, demange nara-karja soemoeroep saka ing kadohan. Moelane bareng nara-karja padha metoe saka ing pangkeran bandjoer ditakoni. Kowe maoe didhawoehi apa karo Sampejan Dalem Kangdjeng Goesti, nara-karja ngoengoen sarta mangsoeli: prasa koela dede Sampejan Dalem, sebab boten ngangge polet. Kothake ken nglebokke gedhong satonggile, koela boten poeroen. Awit prentah ndika dede ngrikoe, prandose kijambake ngaken lepate, Demang lan nara-karja goemoejoe ririh.

Demang angira jen loepoet pakone, toemoeli maleboe menjang pengkeran maneh, kanthi nara-karja niliki nggone andokok kothak wajang pantjen kaleroe. Toemoeli ka-elih menjang ing gedong kothak.

Sigeg.

Katjarita, ing wajah sore-enteh, Kangdjeng Goesti tedhak njamoer menjang kampoeng Pethetan pijambak. Karsa madik soemedyo moendoet toembas kekembangan. Rawoeh ing kampoeng Pethetan wis rada peteng repet-repet. Andjoedjoeg omahe wong aran Sakrama, toekang adol kembang pethetan. Ing kono kangdjeng Goesti ditemoni ana ing emper, tinakonan parloene, mratelakake soemedyo toekoe kembang pethetan. Dene rega mitoeroet apa kang wis dadi adate, nanging kembang-kembang kang bakal dikarsakake soepaja dikitirana arane dhewe-dhewe. Sakrama ora soemoeroep jen ikoe Kangdjeng Goesti; amarga pangagemane loeloengsetan loemrah kaja wong tjilik bae, moelane Sakrama bandjoer ora pakewoeh nggone tjalatoe: koela inggih sagoeh ngitiri, nanging si adhi ngresakake kembang pethetan nikoe pinten oewit? Kangdjeng Goesti bareng mireng

Universitas Indonesia

temboenge Sakrama mangkono maoe bingah ing galih, awit bakal kasembadan nggone kagoengan karsa njoemerepi araning kembang sawidji-widji kang doeroeng pirsu, moelane disaranani patrap mangkono awit saka lemboeting galih, wekasan mangsoeli temboeng karma menjang Sakrama: saontene pethetan ndika koela poeroen noembas sadaja, anggare si kakang kadoega ngitiri arane. Sakrama kaget semoe boengah. Kagete dene akeh temen nggone toekoe, apa arep didol maneh. Boengahe dene

Blz.10. dagangane pethetan bakal pajoe kabeh. Sakrama tjatloe: napa temen si adhi poeroen noembas pethetan koela sadaja, jen dasar temen koela inggih sagoeh ngitiri, pethetan koela kembang sadaja tjatjahe 100 wit; sidji-sidjine regane setangsoel. Bendjing-endjing koela sadijani, nanging saniki koela nedha pandjer krijin saketon; minangka pakentjeng, koela boten kenging sade sanes.

Kangdjeng Goesti bareng disoewoeni pandjer saketon sanalika prihatos, amarga ing wektoe ikoe ora sangoe dhoewit, dadi rada katjipoehan nggone mangsoeli, wekasan angrerepa: moegi sampoen dados tjoewane si kakang, satemene koela niki waoe dhereng anggawa dhoewit; saopama sangoewa kaja-kaja mboten abot mandjere saketon. Mbok inggih sesoek mawon pripoen, koela kengkenan oewong anggawa dhoewit saregane pethetan nikoe kabeh.

Blz.11. Sakrama tjatloe: o, jen mekoten dadi djeneng tasih djenggan, goeneme dereng mesthi, sakeh-kehe enggih sesoek mawon dina padhang. Kangdjeng Goesti ing batos mesem, ambenerake toekang methet. Toemoeli

pamit sarta mratelakake ing dina sesoek bakal kongkonan. Toekang methet njarah, Kangdjeng Goesti bandjoer koendoer.

Esoeke Kangdjeng Goesti Dhawoeh marang Demang anggawa anara-karja marani kekembangan sarta maringake dhoewit 25 roepijah marang Sakrama toekang methet ing Pethetan.

Kang didhawoehi njembah matoer sandika, noeli mangkat. Satekane Demang, Sakrama kaget bandjoer nemoni, matoer: wonten parloe poenapa mas Demang, dene endjing-endjing ambekta tijang kathah; Demang mratelakake kaoetoes Sampejan Dalem Kangdjeng Goesti maringake dhoewit 25 roepijah, sarta marani pethetan kembang 100 wit; awit dhawoeh Dalem wingi sore mentas tedhak mrene tanpa abdi. Sakrama bareng kroengoe dhawohe Demang mangkono maoe bandjoer ndjengek sarta amboengkem tjangkeme dhewe, awem,

Blz.12. mateng akoe, bandjoer toemandang gawe, angitiri sawarnaning kekembangan.

- | | |
|---------------------------------------|----------------------|
| 1. Kembang Tjengger | 29. Kembang gambir |
| 2. Kembang Anggrek | 30. Kembang tjepaka |
| 3. Kembang taloeki
gondhok | 31. Kembang tjepaka |
| 4. Kembang taloeki-bang
mandhakaki | 32. Kembang |
| 5. Kembang sroeni
piring | 33. Kembang Tjeplok- |

Universitas Indonesia

- | | |
|---|---------------------------|
| 6. Kembang kenanga wari | 34. Kembang wora-roempoek |
| 7. Kembang tjina wari-bang | 35. Kembang wora- |
| 8. Kembang srigadhing | 36. Kembang kenikir |
| 9. Kembang kanthil-poetih banjoe | 37. Kembang patjar- |
| 10. Kembang kanthil-abang | 38. Kembang bakoeng |
| 11. Kembang mlati | 39. Kembang teleng |
| 12. Kembang manoer | 40. Kembang soelastri |
| 13. Kembangmanoer toempang langit | 41. Kembang sanga- |
| 14. Kembang mawar-putih soemarsana | 42. Kembang |
| 15. Kembang mawar-bang soemarsana-wilis | 43. Kembang |
| 16. Kembang regoelo-bang daloe | 44. Kembang aroem- |
| 17. Kembang regoelo-koening | 45. Kembang poedhak |
| 18. Kembang nodja | 46. Kembang gimbal |
| 19. Kembang soka | 47. Kembang dilem |
| 20. Kembang poerbanagara njidra | 48. Kembang poespa- |

- | | |
|------------------------------------|---------------------|
| 21. Kembang landep
woengoe | 49. Kembang |
| 22. Kembang soendel-malem | 50. Kembang djambe |
| 23. Kembang praboe-set
blimbing | 51. Kembang |
| 24. Kembang patjar | 52. Kembang dlima |
| 25. Kembang toendjoeng | 53. Kembang djeroek |
| 26. Kembang toendjoeng toetoe | 54. Kembang andoel |
| 27. Kembang patrakoesoema
gala | 55. Kembang patra- |
| 28. Kembang soerabi
koemoening | 56. Kembang |
| 57. Kembang tongkeng
----- | |

Sawise rampoeng toemoeli kapasrahake marang Demang kagawa ing nara-karja; Sakrama dhewe ija meloe ngoesoengi pethetan menjang ing dalem Mangkunagaran, pethetan bandjoer kaprenahake ing pataman wis rampoeng.

Samana Kangdjeng Goesti tedhak ing patamanan, mriksani kembang-kembangan kang lagi teka, ing kono Sakrama katon meloe ngoesoengi sarta nata-nata, Kangdjeng Goesti angandhika: kowe kang adol pethetan meloe ngoesoengi. Sakrama goegoep atoere nganti soengsoem, kloenoen, noen, noen, inggih Goesti, sarta njembah.

Kangdjeng Goesti semoe mesem noeli malebet ing dalem, dhawoeh marang abdi, Sakrama andikakakke maringi presen saroepijah², minangka pitoewas nggone meloe ngoesoengi pethetan. Abdi kang tanpa dhawoeh matoer sandika, noeli nemoni Sakrama maringake presen saroepija, Sakrama ora kena nampik kapeksa koedoe nampani paring Dalem. Atoere Sakrama sanget noewoen, kala-wingi koela boten soemerep jen Sampejan

Blz.13. Dalem Kangdjeng Goesti, ingkang tedhak dhateng panggenan koela, dados namoeng koela panggih wonten ing emper kemawon. Lan malih anggen koela gineman kalijan Kangdjeng Goesti radi noengkak-krama, awit koela kinten tijang alit kemawon. Toekang methet gedeg-gedeg kalijan moengel: tobat-tobat, kathik kaja mangkono.

Abdi kang diwartani sarta para Demang kang ana ing kono pada mesem; Sakrama takon menjang abdi: makaten poenika karsa Dalem kados-poendi? Abdi kang ditakoni tjalatoe: tindak kang kaja mekoten nikoe arane njamoer lampah: kena dipari-basakake ngloegas-raga. Sakrama njamboengi goenem, lajak kala-wingi kalijan koela inggih basa. Bandjoer pada goemoejoe maneh.

Tjoetel.

Si Bagus seneng banget ngroengokake tjaritane Raden Rangga Wangsarahardja, bandjoer bisa ngrasakake oetamane wong dadi gedhe sarta toememene wong dadi tjilik.

² Djaman samanten arta saroepijah toemrap ing tijang alit boten nama sakedik.
Djoeroe ngarang

Blz. 14. Moelane banget panoewoene marang Raden Rangga Wangsarahardja, soemadya ngepek wong-toewa ngiras anggoegoeroe, dene wis kaparingan berkah soesoeroepan banget dipoendhipoendhi, samana Si Bagoes njoewoen wis kalilan moelih.

Katjarita, oelihe Si Bagoes ana ing dalam babarangan karo wong wadon loro, Si Bagoes loemakoe ana ing boeri, wong wadon mae loemakoe ana ing ngarep, sarta anggendhong senik, padha rasan, kang sidji tjalatoe: kaprije kowe dhek wingi, dene kowe padoe karo bojomoe nganti rame, prakarane apa? Kang tinakon mangsoeli: prakarane remeh, andjalok petan ora tak toeroeti, awit akoe lagi ewoeh, arep kramas. Kongkon ora noeli tak lakoni, dheweke roemasa oera tak adjeni. Moelane sadina moepoet nepsoene ngaroe-napoeng meksa ora tak tanggapi.

Blz.15. Si Bagoes sasoewene ngroengokake goenemane wong wadon loro karo loemakoe, bareng kroengoe temboeng: ngaroe-napoeng; bandjoer mandeg, digagas-gagas doeroeng ngerti tegese; atine gela banget. Toemoeli bali soewan marang daleme Raden Rangga Wangsarahardja maneh wis katemoe sarta tata linggih, Si Bagoes kadangoe matoer njoewoen seserepan tegesipoen temboeng: ngaroe-napoeng.

Raden Rangga ngandika: temboeng ngaroe-napoeng ikoe ija paribasane; moenggoeh kang dadi djarwane kaja ing ngisor iki.

Ngaroe-napoeng.

Karoe: pratingkah wong adang angentas beras saka ing koekoesan.

Tapoeng: pratingkahe wong adang njemploengake beras marang ing koekoesan.

Ngaroe-napoeng: mentas ngaroe bandjoer napoeng, mentas napoeng bandjoer ngaroe maneh, dadi ora leren-leren, dene dodngengane mangkene:

Ana wong lanang aran Soera-goegoet, moelane djeneng mangkono kagawa saka anake lanang Si Goegoet, oemoer 8 taoen.

Blz.16. Soera-goegoet maoe watake boeteng banget, toer brangasan, gone dadi wong lanang sawenang-wenang patrape menjang bodjo, banget ngedak-dakake doemeh dadi wong lanang, tjepak nepsoene, ora kena kleroe sathithik. Kang wadon roemangsa kangelan gone ngladeni. Jen wis adjaa patoetan Si Goegoet nijate koedoe andjaloek pegat bae; banget gone ora mathoek marang kalakoewane.

Noedjoe sawidjining dina Soera-goegoet kadhajohan mitrane anjar, lagi raket-rakete. Noeli prentah menjang bodjone, soepaja gawe soesoegoeh kang patoet, amarga dhajohe mitra anjar ikoe soemadya diadjak mangan bareng, kang wadon toemoeli olah-olah, nganti loengse soesoegoeh doeroeng bisa loemadi. Kang lanang akon ngrikatake sarta njoewara sora menjang bodjone: olah-olah soewe temen, apa ora nijat ditandangi? kang wadon goegoep sarta banget isine, sanadyan gone olah-olah doeroeng rampoeng kabeh, nanging kapeksa ngetokake sawoedjoed-woedjoede.

Blz.17. Soera-goegoet toemoeli mangan karo dhajohe, nanging pamangane dhajoh moeng sathithik ora pati tjekoh, bareng wis rampoeng nggone padha mangan, dhajoh pamitan moelih.

Universitas Indonesia

Ing saoengkoere dhajoh Soera-goegoet mooring-moering maneh, srengen menjang bodjone nganti sora, pratingkahe kobrak-kabroek. Saka pangirane Soera-goegoet, moelane dhajohe gelis moelih, amarga katjoewanatine keloengsen enggone ngetokake soegoeh sarta ora pati rema.

Kang wadon ora mangsoeli saketjap. Ora antara soewe Soera-goegoet tjeloek-tjeloek menjang anake: Goegoet, Goegoet, nanging anake ora katon-katon mara, kang wadon toemoeli dikon ngoendang anake, bandjoer mangkat, bareng digoleki mrana-marana ora ana

Blz.18. toemoeli mratelakake marang kang lanang, jen Si Goegoet digoleki mrana-mrana ora katemoe, menjang ngendi parane ora karoehan sarta ora ana kang soemoeroep. Kang lanang goegoep bandjoer menjat sarta ambengok, toblas ora ilok, gek menjang endi parane botjah ikoe maoe, Soera-goegoet bingoeng noeli anggoleki anake, sarta njebar sanak sanake padha dikon ngrewangi anggoleki, soemoer-soemoer padha didjadjagi, kali-kali padha digogohi, pasar-pasar digoleki nganti gemet meksa ora katemoe, Soera-goegoet sarta wong saomah padha ambibironi, kang wadon polahe kontrang-kantring ora karoewan.

Katjarita, wong sapirang-pirang nggone anggoleki Si Goegoet nganti wajah lingsir doeroeng katemoe, embokne tansah ora eling, bapakne saja banget bingoenge, nggone anggoleki narotoes, toeroet pakampoengan, saben kapethoek botjah ditakoni, ora ana kang soemoeroep.

Blz.19. bareng wis wajah sore ana botjah kanda, jen Si Goegoet andeleng botjah ngoendhoeh lajangan ana ing ara-ara. Bapakne goepoeh enggal

Universitas Indonesia

menjang ara-ara. Ing kono pikire koemepjoer amarga anake ora katon. Toemoeli takon menjang botjah-botjah kang padha ngoendhoeh lajangan, kang ditakoni mratelakake: sasoewene, Si Goegoet ija andeleng lajangan ana ing kono, nanging wis moelih karo kantjane botjah sidji. Soera-Goegoet tjangelak bali ririkatan, noetoeti anake moelih, satekane ing omah noeli takon: apa Si Goegoet wis moelih? Wangsoelane kang tinakonan: doeroeng moelih! Soera-goegoet ambekoh, tobat kaprije iki neh, toemoeli loenga maneh anggoleki kalawan bingoeng, bareng meh ngarepake soeroep srengenge Si Goegoet katon loemakoe idjen saka kidoel, bapakne ora samar pandelenge, enggal malajoni anake bandjoer dibopong, tjalatoene: botjah apa iki, kowe maoe menjang ngendi; Si Goegoet nangis ora gelem mangsoeli; bandjoer diteter-teter kandha jen andeleng lajangan menjang ara-ara, diladaki botjah, ditakoni kantjane sapa? Si Goegoet kandha karo Paidin.

Katjarita, Soera-Goegoet doeroeng nganti tjoetjoel bandjoer srengeng, parane moering-moering menjang bodjone, soewe-soewe sing marakake gawe iki mbokne Si Goegoet. Wong wadon ora karoewan gawene, ora ana sing dipinteri, barang-barang kether, olah-olah ora ngrampoengi, ana dhajoh gawe koesoet, momong botjah gawe gendra; kang wadon meneng bae, nanging kang lanang ora leren-leren nggone srengeng sarta nanatjad. Soewe-soewe bokne Si Goegoet wis ora bisa njabarake pikire, djalaran roemasa isin nggone disrengeni saroe sarta nganti kroengoe ing tangga teparo, wekasan mangsoeli; wong lanang ora memper, moeni anggere mangap bae, sing marakake botjah ketlisoet ika ija patrapmoe kang ora genah koewi, jen

kongkon sakdeg-saknjat; wong lanang ora patoet dadi imane wong wadon,
wong tjilik

Blz.21. kegedhen empjak; anggepe kaja prijaji, ngedak-edakake, sawenang-wenang
menjang anaking wong, jen pantjen ora mathoek rak ja wis ana benere, ora
perloe kakehan tjrewet.

Soera-Goegoet bareng diwaneni kang kaja mangkono ikoe sangsaja
mampoel-mampoel nepsoene. Bainatang penjakit besar, akoe ora wedi
digantoeng, bandjoer njandhak linggis, kang wadon soemedya dipilara,
wong kang pada ana ing kono enggal anggondheli menjang Soera lanang,
linggis noeli ditlorongake menjang kang wadon; toedjoene loepoet. Kang
wadon enggal metoe mlajoe, menjang omahe wong toewane, anake ora
dirasakake, Soera-goegoet isih digondheli ing wong akeh, sarta dirarapoe
anjarehna pikire.

Katjarita, wong toewane Soera wadon katekan anake wadon lawan-
lawan tangis, goegoep nakoni apa sebabe dene mankono. Soera wadon
toemoeli mratelakake sebabe wiwitan teka ing wekasan.

Blz.22. bapakne Soera wadon tjalatoe: jen mangkono kowe kang loepoet,
wong lanang bingoeng anake ketlisoet, srengen nganggo kok wangsoeli,
lajak nepsoene paribasane: Ngaroe-napoeng; woesana lakon kang doeroeng
bae padha di ati-atija. Tjoetel.

Si Bagoes pikire seneng roemasa moendhak akeh soesoeroepane.
Moelane saben bengi sregep sowan menjang daleme Raden Rangga
Wangsarahardja ing Gandasoebratan.

Universitas Indonesia

Awit saka banget pangoengsede marang soesoeroepan, saben wong toewa ditakoni, pitoetoere dieling, barang-barang ditoelisi, soewe-soewe Si Bagoes soegih dongeng, kaseboet wong awi tjarita. Akeh para loehoer kang padha asih, awit saka tjakape. Jen dioetoes ora nganti mindho-gaweni, tatas toer patitis; moelane tansah katjelakake prijaji gedhe. Dhasar bagoes roepane dhemen marang sastra, pikire rahajoe, ora taoe doewe satroe, nganti kaseboet: bagoes aloes bisa matja; wong toewane boengah banget, roemasa doewe inten sagenthong.

Tamat.

-----oooOooo-----

